

Richmond County School System

Notifikasyon Paran pou di y ap Mentni Elijibilite pou Aprann Anglè (EL) a ak Plasman nan Pwogram Anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (ESOL) yo ak nan Sèvis Ansèyman Lengwistik Sipleman tè nan Tit III a

Non Elèv: _____

Dat: _____

Lekòl: _____

Klas: _____

Chè Paran/Gadyen :

N ap enfòm w elèv ou a kontinye reponn a kritè elijibilite an tan ke moun k ap aprann anglè epi li kalifye pou sèvis Pwogram Lang ESOL la. Sa vle di rezilta elèv ou a nan tès lang anglè a (gade tablo ki anba a) montre sèvis ansèyman lang lan t ap bon pou li pou ede l devlope konpetans nan anglè. Objektif nou se pou ede elèv ou a devlope konpetans akademik nan anglè li bezwen pou l reyisi lekòl.

	Non Tès ak Nivo Akademik	Ane Tès	Nivo Konpetans Elèv ou a nan Anglè	Nivo konpetans nan Anglè a montre Elèv la se yon Moun k ap Aprann Anglè
☐	WIDA ACCESS (K)		Konpozit Global: _____ • Koute: _____ • Pale: _____ • Lekti: _____ • Redaksyon: _____	Konpozit Global 1,0-4,9 oswa Koute, Pale ak Redaksyon 1,0-4,9 oswa Redaksyon 1,0-4,4
☐	WIDA ACCESS (1- 12)		Konpozit Global: _____	Konpozit Global 1,0-4,9
☐	WIDA Alternate ACCESS (K)		Konpozit Global: _____ • Koute: _____ • Pale: _____ • Lekti: _____ • Redaksyon: _____	Konpozit Global 1-4 oswa Koute, Pale ak Redaksyon 1-4 oswa Redaksyon 1-3
☐	WIDA Alternate ACCESS (1-12)		Konpozit Global: _____	Konpozit Global 1-4
☐	Tès Elijibilite Deyò Eta a _____		Nòt Kalifikasyon: _____	Eta: _____

Elèv ou a resevwa kou lang nan kad pwogram ESOL lekòl la. Pwogram sa a ede elèv yo devlope konpetans solid nan tande, pale, li ak ekri lang anglè a pou ede yo atenn objektif yo onivo akademik. Pwofesè anglè (ESOL) nou yo sipòte aprantisaj elèv yo epi yo swiv pwogrè yo nan lang anglè a. Si elèv ou a ap patisipe nan pwogram ESOL la depi omwen de lane, n ap pataje **Rapò Kwasans WIDA ACCESS** la ansanm avèk ou. Rapò sa a montre pwogrè elèv ou a fè nan aprann anglè parapò a pwogrè lòt elèv nan menm nivo akademik ak li k ap aprann anglè tou yo fè. Reziltayò montre si pwogrè lengwistik elèv ou a tipik, siperyè oswa enferyè a sa yo t ap espere.

Elèv ou a ap benefisye sèvis program lang ESOL la selon modèl ekzekisyon yo siyale nan pati agoch tablo ki anba a. Anplis de sa,

- ☐ Pitit ou a ap resevwa lòt sèvis ansèyman lang tou pou devlope konpetans li nan Anglè epi pèmèt li reyisi lekòl. Gade pati adwat nan tablo anba a.
- ☐ Pitit ou a pa p resevwa lòt sèvis ansèyman lang.

Richmond County School System

Modèl Ekzekisyon Pwogram Lang ESOL la	Sèvis Ansèyman Lengwistik Sipleman tè nan Tit III
☐ Estraksyon: Elèv ou a ap kite sal klas la pandan _____ pou aprann anglè nan yon ti gwoup ak yon pwofesè ki fòme pou anseye ESOL.	Pitit ou a ap resevwa sèvis ansèyman lang konpleman tè Tit III a prevwa yo:
☐ Ensèsyon: Elèv ou a ap rete nan klas la tandiske yon pwofesè ki fòme pou anseye ESOL ap vin ba li sipò nan lang lan pandan _____.	☐ Lexia Core5: Yon pwogram aprantisaj pèsonealize anliy konpleman tè ki la pou ede elèv EL matènèl rive 5èm ane pi byen metrize lang angè a.
☐ Kou ESOL pwograme: Elèv ou a nan yon klas ak lòt timoun k ap aprann anglè pou aprann angle enstriksyon sosyal la ak lang akademik matyè eskolè yo an menm tan.	☐ Flashlight 360: Yon pwogram evalyasyon konpleman tè anliy ki la pou ede elèv 1ye rive 5yèm ane yo amelyore konpetans yo nan ekspresyon oral ak ekspresyon ekri.
	☐ Summit K-12: Yon pwogram aprantisaj pèsonealize anliy konpleman tè ki la pou ede elèv EL 6èm rive 12èm ane pi byen metrize lang angè a.

Ou kapab verifye pwogrè akademik elèv ou a depi w konekte sou Infinite Campus sou <https://campus.rcss-k12.org/campus/portal/richmond.jsp>.

Si elèv ou a nan klas tèminèl, pousantaj diplome pou elèv k ap aprann anglè lekòl la pou 2023-2024 la te 72%.

Lè elèv ou a atenn nivo konpetans li bezwen an nan anglè nan tè *WIDA ACCESS* la oswa tè *Alternate ACCESS* la, yo pa p konsidere l kòm moun k ap aprann anglè ki bezwen sipò nan kad pwogram lang ESOL la ankò.

Si elev ou a andikape, pèsonel edikasyon espesyal ak sipò lengwistik nou an ap esplike w kijan sèvis nan lang anglè yo enkli nan Pwogram Edikasyon Endividyèl (sig an anglè IEP) elèv ou a: Pwofesè ESOL yo kolabore ak pwofesè edikasyon pèsonealize yo pou bay elèv ou a sèvis sipò lengwistik ki dekri nan IEP a.

Ou gen dwa pou w refize sèvis pwogram lang ESOL la pou elèv ou a. Si w vle renonse a sèvis sa yo, pale de lòt opsyon pwogram ki genyen oswa chèche konnen plis sou reyinyon paran nou yo, pran kontak ak moun ki mansyone anba a.

Nou la pou nou sipòte ou menm ak elèv ou a. Tanpri, pran kontak ak nou si w gen kesyon oswa si w vle diskite ak pèsonel nou an nan lang ou prefere a. Mèsi.

Mèsi

Non: _____

Tit: _____

Nimewo Telefòn: _____

Imèl: _____